



Pou Piblikasyon Imedya: 27/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DE NOUVO SIT VAKSINASYON TANPORÈ AN  
KOLABORASYON AK YON MTA NAN ESTASYON TREN BROOKLYN AK BRONX  
YO**

*Sit yo nan estasyon tren Broadway Junction ak E. 180 St sitiye yon fason  
estratejik nan zòn ki gen pousantaj vaksinasyon ba epi aksepte moun vini san  
randevou apati mèkredi 29 septanm*

**34,345 moun vaksinen nan sit tanporè MTA yo depi lansman pwogram lan nan 12  
me**

*Nenpòt moun ki resevwa yon vaksen yon sèl dòz nan sit MTA yo elijib pou  
resevwa MetroCard gratis pou 7 jou oswa tikè ale retou LIRR oswa Metro-North*

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a de novo sit vaksinasyon tanporè an kolaborasyon ak Otorite Transpò Metropolis (Metropolitan Transportation Authority, MTA). Sit yo pral nan estasyon tren Broadway Junction ak E. 180 St, sitiye yon fason estratejik nan zòn ki gen pousantaj vaksinasyon ki rete ba yo. Pwogram reyisi a te pote sit tanporè yo nan arè estasyon MTA yo ki te lanse nan 12 me, nan kòmansman se te nan uit estasyon atravè Transpò Vil New York la, Long Island Rail Road ak Metro-North Railroad, ki ofri publik la vaksen Johnson & Johnson yon sèl dòz la. Yè, 34,345 moun te vaksinen nan lokal sa yo depi lansman pwogram lan. Pwogram lan bay nenpòt moun, sa gen ladan sila yo k ap vizite New York, opòtinite pou vaksinen san nesesite yon randevou - epi avèk ankourajman yon MetroCard gratis pou 7 jou oswa yon tikè ale retou LIRR oswa Metro-North. Nan 17 jen, pwogram lan te pwolonje nan sant transpò Midtown, Grand Central Terminal ak Penn Station.

"Plis moun ap retounen nan espas travay an pèsòn epi avèk ogmantasyon nan kantite utilizatè sistèm MTA a, nou gen yon gwo opòtinite pou atenn plis moun avèk sit tanporè yo nan arè estasyon yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Si w toujou vle pran vaksen pa w la epi ap pase nan youn nan estasyon sa yo, ou ka jis ale pou pran vaksen yon sèl dòz la epi kontinye wout ou. Se osi senp epi se pi bon bagay ou kapab fè pou pwoteje tèt ou ak lòt yo kont COVID-19".

Novo sit yo nan Broadway Junction ak E. 180 St pral sible Nouyòkè yo nan de kominate kote pousantaj vaksinasyon yo ba. Estasyon Broadway Junction lan nan Brooklyn sèvi vwa souteren **A-C-L-J-Z**, sa ki bay rezidan Brooklyn ak Queens yo aksè

fasil ak nouvo sit la. Estasyon E. 180 St nan Bronx lan sèvi vwa **2-5**, kote pousantaj vaksinasyon yo rete pi ba. Tou de sit yo ap ouvri lendi rive nan vandredi.

Operasyon an nan E. 180 St. pral fèt chak jou soti 8 a.m. rive 1 p.m. Sit Broadway Junction lan ap ouvri ant 3 p.m. rive 8 p.m.

De sit ki egziste nan Penn Station ak Grand Central Terminal yo pral fonksyonèl jiska madi 28 septanm anvan yo deplase resous yo ale nan Broadway Junction ak E. 180 St. nan jou apre a.

"Ogmante pousantaj vaksinasyon yo enpòtan pou asire rekiperasyon New York la rete sou bon wout la", **prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa MTA, Janno Lieber, te deklare.** "Nou tounen ap transpòte twa milyon moun pa jou nan tren yo. Nan pozisyone sit tanporè yo nan de estasyon ki pi frekante yo nan sistèm lan, n ap pote vaksen an dirèk bay Nouyòkè yo ki otreman ka pa te kapab jwenn tan lib pou pran vaksen an. Plis moun ki vaksinen, plis eta nou an sekirité pou tout moun epi n ap kontinye travay avèk Gouvènè Hochul pou kontinye tout mwayen pou distribiye vaksen an".

"Vaksen an rete fason mwayen ki pi efikas kont COVID-19 la", **deklarasyon Patrick Warren, Ofisyè Chèf Sekirite MTA a.** "Ankouraje yon anviwòman sekirité se pi gwo priyoreite nou epi nou pa ka tann pou wè plis Nouyòkè nan sistèm tren an pwofite pwogram enpòtan sa a epi pwoteje tèt yo ak sila yo renmen yo kont viris sa a".

MTA kontinye ak mesaj solid pou enfòme publik la sou disponibilite sit yo. Mesaj dijital yo kontinye fèt sou 12,000 ekran nan estasyon MTA yo, abò tren, machin ak bis yo pou pwomouvwa lokal sit yo ak lè operasyon yo. Kontni pwomosyonèl la voye bay twa milyon abone atravè platfòm rezo sosyal MTA yo epi pano oryantasyon yo afiche nan lokal tanporè nan estasyon yo pou ede gide rit sikilasyon an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)